

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Holisoh M.E babar di Bandung dina taun 25 Désémber 1952, anjeunna mangrupa pangarang wanoja anu produkif dina nyiptakeun jeung ngahasilkeun karya sastra. Salah sahiji karya sastrana nya éta buku kumpulan carpon *Geulang Koroncong* anu medal dina taun 2014. Holisoh M.E nyaritakeun dina ieu buku ngeunaan gambaran kahirupan masarakat jeung alam sabudeureunana, hususna tina sisi wanoja.

Kumpulan carpon *Geulang Koroncong* miboga 20 carita, anu masing-masing miboga tokoh utama, tapi teu sakabéh carita tokoh utamana wanoja. Sanajan kitu, Holisoh M.E dina tiap caritana pasti aya tokoh wanoja, boh éta jadi tokoh kadua boh éta jadi tokoh katilu.

Salian ti kumpulan carpon *Geulang Koroncong*, Holisoh M.E ogé ngarang sababaraha karya sastra séjénna saperti *Katineung* taun 1998 jeung novél *Kembang-kembang Petingan* taun 2002 anu meunang hadiah sastra LBSS, ngagésérkeun buku-buku séjénna. Dina novel *Kembang-kembang Petingan*, Holisoh M.E nyaritakeun tokoh wanoja anu gawé jadi PSK.

Holisoh M.E mimiti nulis carpon dimuat dina *Hanjuang* (1972), tuluy dina sababaraha media cetak basa Sunda kayaning *Manglé*, *Gondéwa*, *Galura*, jeung réa-réa deui. Aya ratusna karangan Holisoh M.E anu kungsi dimuat dina sawatara media citak basa Sunda, sakapeung mah Holisoh M.E nulis karya sastra dina basa Indonesia ogé.

Ngaliwatan karya sastra, manusa bisa apal kana kabudayaan atawa gambaran kahirupan hiji sélér, sabab enas-enasna mah karya sastra téh mangrupa wujud budaya masarakatna. Ku kituna, karya sastra anu dihasilkeun ku lingkungan kabudayaan nu tangtu, baris méré gambaran kana kahirupan lingkungan masarakat nu tangtu. Salah sahijina nya éta sastra Sunda. Sastra Sunda mangrupa maniféstasi kabeungharan batin manusa Sunda, nu galurna natrat dina kapribadian urang Sunda.

Nurutkeun Iskandarwassid (1996, kc. 138), karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Minangka karya seni, warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis (kaéndahan sastra). Ku lantaran alatna basa, nya anu diarolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétis anu kapimilik ku basa, kaasup rupa-rupa fungsina jeung makéna basa.

Dina nulis karya sastra, pangarang bisa ngébréhkeun eusi haté atawa kereteg haténa. Bisa ogé hal naon anu katingal dina kahirupan diangkat kana karya sastra, upamana baé ngeunaan kaéndahan, katunggaraan, atawa ide-ide anu jadi kayakinan pangarang. Tina éta proses, pangarang bisa ngébréhkeun karyana ngagunakeun basa, anu ngabalukarkeun ayana prosés komunikasi anu teu langsung antara panulis jeung pamaca. Lian ti éta, pamaca ogé bisa ngarasakeun mangpaat, nambah pangaweruh, jeung pangalaman tina sastra.

Salah Sahiji bagian tina karya sastra nya éta carpon (carita pondok). Nurutkeun Sumardjo jeung Saini K.M. (dina Koswara, 2010 kc. 68) nétélakeun yén “*Cerita pendek adalah cerita berbentuk prosa yang relatif pendek. Ukuran pendek di sini diartikan sebagai dapat dibaca sekali duduk dalam waktu kurang dari satu jam. Dikatakan pendek juga karena genre ini hanya mempunyai efek tunggal, karakter, plot, dan setting yang terbatas, tidak beragam, dan tidak kompleks*”.

Carita pondok atawa carpon ogé miboga ambahan gawé anu lega. Contona waé dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* nu nyaritakeun ngeunaan romantika, dinamika kahirupan kulawarga, jeung hubungan kolot-anak. Ditilik tina sisi awéwé, konflik salaki-pamajikan atawa konflik papada awéwé, biasana leuwih nyosok jero kana hal-hal anu sifatna psikologis anu karandapan ku awéwé.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan téh aya hubunganna jeung féminisme. Unsur-unsur féminisme ieu nerangkeun ngeunaan kumaha para wanoja ngagunakeun hak-hakna, boh salaku pangarang anu hayang nyieun karya sastra boh salaku jalma anu hirup di masarakat. Jadi, aya hiji *pengakuan* pikeun diri pangarang yén hasil karya sastrana bisa jeung meunang tempat di masarakat, lantaran salila ieu aya anu ngabédakeun hasil karya sastra meunang lalaki jeung meunang awéwé.

Weedon (dina Sugihastuti & Suharto, 2015, kc. 6) nétélakeun yén paham féminis téh nya éta politik. Hiji politik anu langsung ngarobah hubungan kakuatan kahirupan wanoja jeung lalaki di masarakat.

Nepi ka kiwari panalungtikan ngeunaan kalungguhan wanoja dina sastra Sunda masih kénéh jarang. Salah sahiji nu ngalantarankeunana bisa jadi datangna féminisme kana sastra Sunda katompérnakeun. Aya sababaraha panalungtikan ngeunaan kawanojaan nu kacatet di perpustakaan dina wangun skripsi Departemen Pendidikan Basa Daérah FPBS-UPI, di antarana “Citra Wanoja Sunda dina *Nu Kaul Lagu Kaléon jeung 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* Karya R.A.F (Kajian Struktural jeung Kritik Féminisme Idéologis)” ku Anisa Rahma taun 2013; “Kalungguhan Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon *Haté Awéwé* Karangan Risnawati (Tilikan Féminisme)” ku Damalia Suci Asihna (2013); “Ulikan Struktural jeung Feminis kana Novél *Handeuleum ‘Na Haté Beureum* Karya Chyé Rétty Isnéndés pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA Kelas XI” ku Ai Jamilah (2014). Lian ti éta, aya tésis nu disusun ku Retty Isnendes, mahasiswi program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada, taun 2005. Judul tésisna nya éta “*Suara Perempuan dalam Novel Sunda ‘Puputon’ Buah Hati Karya Aam Amilia: Kajian Féminisme*”. Éta tésis ngabahas ngeunaan féminisme dina sastra Sunda.

Luyu jeung judul, ieu hal patali jeung pangajaran maca carpon di tingkat SMP kelas IX dumasar kurikulum 2006 (KTSP) dina Standar Kompetensi 9.1 (mampu menyimak, memahami dan menanggapi acana lisan jenis pidato/khotbah, lirik (rumpaka) lagu jenis tembang dan pembacaan cerita pendek (carita pondok)) jeung Kompetensi Dasar 9.1.3 (Menyimak pembacaan cerpen). Ku ayana SKKD ngeunaan pangajaran carpon (carita pondok) di SMP kelas IX, ieu panalungtikan perlu dipatalikeun jeung pangajaran di sakola, sangkan siswa wanoh kana karya sastra utamana carpon, tur bisa ngajembaran pangaweruh sarta pamahaman dina ngaaprésiasi sastra.

Nu ngabédakeun ieu panalungtikan jeung panalungtikan séjénna nya éta dina objék panalungtikanana. Di dieu panalungtik nalungtik carpon dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* karangan Holisoh M.E tina ulikan féminisme pikeun bahan pangajaran maca di SMP kelas IX.

Éta hal perlu pikeun ngeuyeuban tur meunangkeun gambaran ngeunaan citra wanoja jeung kalungguhan wanoja dina sastra Sunda, ditilik tina paham féminisme. Ku sabab kitu perlu diayakeun panalungtikan anu judulna “*Kumpulan Carpon Geulang Koroncong Karangan Holisoh M.E. pikeun Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMP Kelas IX (Ulukan Féminisme)*”

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan féminisme, anu satuluyna dianalisis, naha bisa atawa henteu dilarapkeun kana bahan ajar maca carpon di SMP kelas IX. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Unsur féminisme anu patali jeung kalungguhan wanoja naon waé nu kapanggih dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*?
- 2) Unsur féminisme anu patali jeung citra wanoja naon waé nu kapanggih dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan féminisme dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* pikeun bahan pangajaran di sakola?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar gambaran karakter-karakter wanoja Sunda anu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* sarta ngarojong kamekaran élmu pangaweruh, hususna dina widang sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Ngadéskripsikeun unsur féminisme nu patali jeung citra wanoja anu kapanggih dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*;
- 2) ngadéskripsikeun unsur féminisme nu patali jeung kalungguhan wanoja anu kapanggih dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*; jeung
- 3) larapna hasil kajian féminisme dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong* pikeun bahan pangajaran maca di sakola.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun kamekaran élmu sastra, utamana dina widang sastra jeung deui nambahan pangaweruh dina ngajén karya sastra hususna kajian kritik sastra féminisme kana kumpulan carpon.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Pikeun Guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran carpon di SMP kelas IX.
- 2) Pikeun siswa, bisa nambahan élmu pangaweruh dina ngaaprésiasi karya sastra, hususna kajian ngeunaan kritik sastra féminisme.
- 3) Pikeun Masarakat, bisa mikanyaho gambaran umum citra wanoja jeung kalungguhan wanoja anu aya dina kumpulan carpon *Geulang Koroncong*”.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab, sakumaha nu dipedar ieu di handap.

BAB I, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat téoritis, jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

BAB II, eusina ngeunaan ulikan pustaka, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ulikan pustaka dipedar téori-téori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah nu keur ditalungtik. Dina ulikan pustaka ogé panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung téori-téori sarta hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

BAB III, medar ngeunaan métode panalungtikan nu diwincik deui jadi désain panalungtikan, sumber data, ngumpulkeun data, jeung analisis data.

BAB IV, dina ieu bab dibagi jadi dua bagian nya éta analisis data nu patali jeung rumusan masalah sarta tujuan panalungtikan, jeung pedaran intina atawa analisis *temuan* nu dipatalikeun jeung téori-téori dina bab II.

BAB V, medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar patalékan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékoméndasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik liana nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning lakuna tina hasil panalungtikan.